Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты
Жамийетлик панлер кафедрасы

# Философия пәни предмети ҳәм ўазыйпалары. Философиялык дуньяға көзқарас.



Сабакты алып барыушы: Есназарова З.

# Лекциянын жобасы:

1. Философияның предмети хам философиялық билимнин табияты мәселеси.

2. Философиянын тийкаргы маселеси хам тийкаргы философиялык багдарлар

3.Философия дүньяга коз-карас сыпатында. Дүньяга көзқарастың турлери.

# Таяныш сөзлер

дүньяға көзқарас, методология, метод, философия, монизм, дуализм, плюрализм.

# Әдебиятлар:

1. И.Каримов. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиет йўли. Т., «Ўзбекистон», 1992.

2. И.Каримов. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т., «Ўзбекистон», 1999.

3. И.Каримов. Донишманд ҳалқимизнинг мустаҳкам иродасига ишонаман.-«Фидокор» газ. 2000 йил, 8 июн. Фалсафа курсининг айрим масалалари (Т.Шарипов таҳрири остида). - «Фарғона», 1994.

4. И.Каримов Асосий вазифамиз-ватанимиз тараққиети ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. Т., «Ўзбекистон»-2010.

5. Фалсафа. - Т., «Шарқ» 1999.

6. Фалсафа асослари. Қ. Назаров тахрири асосида. Т., 2005.

7. Фалсафа. М. Ахмедова тахрири асосида. Т., 2006.

# Философия не

Философия адамзат тарийхындағы ең әййемги илимлерден бири. Философиялық пикир алысыўлар, пикирлеў инсан тәбиятына тән болған қубылыс. Демек философияның өзи қәдимги пән екенлиги көринип турады. Философия әлем ҳәм оның жасаўы раўажланыўы өмир ҳәм инсан, өмирдиң мәниси, болмыс ҳәм жоқлық сыяқлы көплеген машқалалар ҳаққында пикир алысыўлар жүргизетуғын пән болып табылады.

# Философия не

Сондай ақ философия бир тәрептен өз мәнисин аңлап, социал, экономикалық, сиясий, руўхый-мәдений қатнаслар ишинде жасап атырған, белгили билимлерди үйренип олардан өмирлик жоллама алатуғын жаңа улыўма жуўмақлар жасаўға умтылып атырған саламат пикирли адамларға тән болған ой потенциалы.

Инсан өмир сабақларын аңлап алған билимлер артырылған тәжирийбе жуўмақларды қәдриятларға сүйенип исленген жуўмақлар философия болып есапланады.

Орта әсирде жасаған уллы араб философы Ал Киндийдиң төмендеги пикирлерин айтсақ дурыс болады

“Бир күни шәкиртлери Ал Киндийден, устаз айрым адамлар философия керек емес дейди, оларға қандай жууўап бериў керек деп сораған екен.” Ал Киндий кимде-ким философия керек емес десе, оған **не ушын керек емес? деп сораў бериңлер**. Сонда қарсыласларыңыз **жүдә көп дәлийллерди** келтирип, оларды **бир-бири менен байланыстырып, улыўмаластырып сизге жууўап бериўге** ҳәрекет етеди. Соның өзи **философия** деген екен.

Представиться / зарегистрироваться

статья | обсуждение | править | история

ВикипедиЯ
*Свободная энциклопедия*

навигация

- Заглавная страница
- Рубрикация
- Индекс А — Я
- Избранные статьи
- Случайная статья
- Текущие события

участие

- Портал сообщества
- Форум
- Свежие правки
- Новые страницы
- Справка
- Пожертвования

поиск

Перейти | Найти

инструменты

- Ссылки сюда
- Связанные правки
- Загрузить файл

# Философия

Материал из Википедии — свободной энциклопедии [править]

В Википедии есть портал ***«Философия»***

**Филосо́фия** (др.-греч. φιλοσοφία — «любовь к мудрости», «любомудрие», от φιλέω — люблю и σοφία — мудрость) — наиболее общая теория, одна из форм мировоззрения, одна из наук, одна из форм человеческой деятельности, особый способ познания.

Общепринятого определения философии, равно как общепринятого представления о предмете философии не существует. В истории существовало множество различных типов философии, отличающихся как своим предметом, так и методами. В самом общем виде под философией понимают деятельность, направленную на постановку и рациональное или иррациональное разрешение наиболее общих вопросов, касающихся сущности знания, человека и мира.



«Мыслитель» Родена

**Содержание** [убрать]


1 Что такое философия?
- 1.1 История термина
- 1.2 Функции философии и формы философской деятельности
  - 1.2.1 Философия как мировоззрение
  - 1.2.2 Философия как образ жизни
  - 1.2.3 Философия и наука
  - 1.2.4 Философия и религия
  - 1.2.5 Философия и искусство
- 1.3 Предмет философии
- 1.4 Философия: за и против

2 История философии

3 Современная философия

Ал Киндийдиң усы көзқарасынан ***«Философияның душпанларыда философияға зәрүр»***, деген терең пикирде мәнис бар.

Улыўма инсан өмири философия болып табылады

Егер философия сөзиниң келип шығыўы (этимологиясы) на итибар беретуғын болсақ философия сөзи грекшеден аўдарғанда

φιλοω (фило-суемен) - σοφια (софия-данишпантлық) «данышпанлықты сүйиў» дегенди аңлатады.

«Философия» термининиң өзи философиядан ҳәм философлардан соңлаў пайда болады





өзин биринши мәртебе философ деп атаған әййемги грек ойшылы ҳәм алымы Пифагор болып табылады.






Грек философы Диоген инсанда хеш кандай зарурлик болмау шарт деген пикирди озынын талийматына тийкар етип алды.

# Философлар кимлер деген сораўға ол былай деп жуўап берген

Өмир мисли ойын ушын жыйынға мегзес: биреўлер оған жарысыўға, тағы биреўлер саўда ислеўге, ал ең бахытлылары қараўға келеди, өмирде тағы биреўлер қулларға уқсап, даңққа, тегин пайда түсириўге ашкөз болып туўылса, философлар тек шынлық излеўге келеди.

Бүгинги күнде ҳақыйқатты излеў философларға байланыслы деп қараўға болмайды. Философ болмастан физика, медицина, көркем өнер дөретиўшилигинде яки күнделикли турмыста билим ҳаққында умтылыў мүмкин. Бирақ ҳақыйқатты сананы излеў философлардан басланған.

# Философлар кимлер деген сораўға ол былай деп жуўап берген

Философия деген не? Бул сораўға жуўап излеў аңсат емес. Ҳәр биримиз, бир-биринен айырмашылыққа ийе гәп бир предмет философия емеслигин ишки сезим менен ойлаймыз. Бирақ философияға жүдә илимий баҳа бериў қыйын. Буның орнына философияға тийисли болмаған ҳәр қандай нәрсени анықлаў аңсат болыўы керек.

Мысалы: философия ДНКның структурасын анықлаў менен шуғылланбайды, химиялық реакцияларды үйренбейди, дифференциаллық теңлемелерди шешпейди, жырткқыш ҳайўанлар оның изертлеў обьекти емес ҳ.т.б.

# ӘЙЙЕМГИ ГРЕК, РИМ ФИЛОСОФИЯСЫ

Грек философы Гераклит (э.б. 520—460 жыллар) Киши Азияны Азиянын Батыс жагасындагы Эфес каласында зергер шанарагында дуньяга келген. Ол стихиялы диалектикага тийкар салган, от— алемнин тийкары деп билген.

«Гурес ҳамме нарсенин атасы, ҳамме нарсенин патшасы", «Бир дарьяга екинши мартебе сунгип билмейсен», «Барлык нарсе агады, хеш нарсе бир жерде турмайды.» деген Гераклит.



# ӘЙЙЕМГИ ГРЕК, РИМ ФИЛОСОФИЯСЫ

Ксенофант философиялык талийматка байланыслы, табият – озгермейтугын хам ҳарекетсиз, ***"Ҳамме нарсе жерден онип шыгады хам уакты менен жане жерге қайтады", "Биз ҳаммемиз жерден тууылғанбыз хам жерге айланамыз".*** Ксенофант аййемги грек философларынан биринши болып, билиудин мумкиншилиги хам шегарасы ҳаққында пикир жургизген.



**КСЕНОФАНТ**

# ӘЙЙЕМГИ ГРЕК, РИМ ФИЛОСОФИЯСЫ

**Сукрат** (хакыйкый исми Сократ) (эрамыздан бурынгы Суқрот 469—399 жыллар) —аййемги Грек философы. Сократ пухаралардын адеп-икрамлы, руухый тарбиясына улкен ахмийет берген. Ол былай дейди «Оз-озинди анла хам бил!» **«Платон менин достым, бирак нызам дослыктан устин турады»** деген ҳикметли пикирлери усы дауирдеги руухыйлыктын жокары кориниси болган.



СОКРАТ



*Сократтын шакиртлери*







Ксенофант

Аристотел

Платон

# ӘЙЙЕМГИ ГРЕК, РИМ ФИЛОСОФИЯСЫ

**Сократтын шакирти Платон** жаҳан философиясы тарийхында ошпес из қалдырган уллы ойшыл. Ол оз идеяларын диалоглар тийкарында баян еткен еткен. Идея биринширикте, материаллык дунья екинширикте. Демек, бизди коршаган дуньяны идеялар дуньясына хам затлар дуньясына боледи.



**ПЛАТОН**

# ӘЙЙЕМГИ ГРЕК, РИМ ФИЛОСОФИЯСЫ



**Аристотель**

**Аристотель Платонның** шәкирти (384—322 жыллар) әййемги Грецияның ең уллы философы, ол өзиниң тәкирарланбас, жәҳәнды таң қалдырған илимий мийрасы менен белгили. Ол былай дейди: «**Тәжрийбеге ийе болғанлар не екенлигин биледи, бирақ не ушын екенлигин билмейди**».

Шынында да философияның дефинициясы жүдә көп. Мәселен,



Т. Гоббс оны “дурыс пикирлеўдиң жәрдеминде билиўге ерисиў” десе



Гегель, “предметлерди ойша қараў”



Л.Фейербах “бар нәрсени танып билиў” деп кең мәнисти нәзерде туткан

# Сораў пайда болады

Философияны анықлаў улыўма мүмкин бе деген. Бул сораўға жуўап дөгерегинде ҳәм философлар бир-биринен ажыралып турады. Мәселен, Гегельдиң (1770-1831) пикиринше конкрет философиялар бирғана қубылыстың-жержүзилик философияның басқышлары, қәлиплесиў ҳәм раўажланыў моментлери. Басқа бир философлардың пикиринше тарийхый- философиялық процесс-бул конкрет философиялардың тарийхы, ал философияның тарийхы тутас ҳәм раўажланыўшы қубылыс сыпатында болмайды. Буннан жуўмақ: конкрет философияның предметин, мәселен, Аристотельдиң философиясының ямаса аналитикалық философияның предметин анықлаў мүмкин. Улыўма философияның предмети анықланбайды.

# Тийкарғы философиялық бағдарлар

Философиялық бағдарлар, изертлеў алып баратуғын тараўда көринетуғын қубылыс болып ол төмендегилерден ибарат. Онтология- әлем, инсан ҳәм жәмийеттиң объектив ҳәм универсал мәниси ҳаққындағы философиялық тәлиймат. Басқаша айтқанда ол болмыс ҳаққындағы философиялық тәлиймат. Аксеология-(грек сөзинен алынған «axio»-қәдрият ҳәм «logos»-пән, тәлиймат)- қәдрияттаныў-қәдриятлар ҳаққындағы пән. XIX әсирдиң екинши ярымында немец қәдрияттаныўшысы Э. Гартман ҳәм П. Лапи тәрепинен киргизилген.

# Методология

- қандайда бир пәнде көрсетилетуғын илимий-изертлеў усылларының жыйынтығы.
- Илимий билим ҳәм дүньяны өзгерттириў методы ҳаққындағы тәлиймат.

# Классификация нәтийжесинде

- **Монизм**- философияда белигилер әййемги-материаллық ямаса руўхый субстанция көрсетиўши принцип.
- **Дуализм**- (лат. duo-еки жақлама)-монизмге қарама-қарсы материаллық руўхый субстанцияның тең ҳуқықлы тийкарлары деп есаплайтуғын философиялық тәлиймат.
- **Плюрализм**-(лат. pluralus-көплик, көппикирлилик)-монизмге пүткиллей қарсы болған философиялық тәлиймат. Плюрализм атамысын биринши болып немец философы Х. Вольф тәрепинен 1712-жылы илимге киргизилген.

# Классификация нәтийжесинде

**Материализм**-(лат. materiactos-материя)-болмыстың руўхый (идеялық) ҳәм материаллық болмыстың тийкарын қурайды. Философиялық концепция.

**Идеализм**- (грек. Idea- пикир)-ең әййемги өзине тән философиялық бағдарлардан бири болып ойдың болмыс руҳ ҳәм сана.

**Теизм**-(грек. theos — кудай), бул диний дуньякарас, Кудайды дуньяны жаратыушысы онын баскарыушысы деп есапланайды)

**Атеизм**-(грек-бийкар қосымтасы theos-қудай; қудайды, динди бийкар етиў) сыяқлы көплеген бағдарлар көзге тасланады. Философияны үйрениў барысында бул түсиниклерге дус келемиз.



Тийкарғы философиялық пәнлер
Философия тарийхы
Онтология
Философиялық антропология – инсан ҳаққындағы талиймат
Социал философия жәмийет ҳаққындағы тәлиймат
Эстетика – гөззаллық ҳаққындағы тәлиймат
Логика – ой, нызам ҳаққындағы тәлиймат
Аксиология – қадриятлар ҳаққындағы талиймат
Гносеология билиў ҳаққындағы тәлиймат
Этика – әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлиймат

# Дүньяға көзқарас

Бул инсанды қоршап турған дүнья ҳәм оның онда тутқан орнына ҳәм бул дүньядағы адамның орнына байланыслы көзқарасларының жыйындысы. Дүньяға көзқарастың тийкарғы мәселеси- «Мен (субъект дүньясы) ҳәм «мен емес» арасындағы байланыс, демек субъект пенен субъектке байланыслы сыртқы дүньяның қатнасы.»

# Дүньяға көзқарас

Мифология (грек сөзинен алынған mifhos-ривоят, әпсана;) logos-сөз, түсиник тәлиймат)

1) мифлер топламы;

2) мифлерди үйрениўши пән

# Философия теориялық ойлаў сыпатында

Мифология (грек сөзинен алынған mifhos-ривоят, әпсана;) logos-сөз, түсиник тәлиймат)

1) мифлер топламы;

2) мифлерди үйрениўши пән

## **Философия теориялық ойлаў сыпатында.**

- Билим, баҳалаў, исеним ҳәм ақидалар
- Күнделикли мифологиялық, афсонавий, диний, философиялық, илимий
- Шахстың санасы, социал сана тийкарында

# Илимий билиўдиң теориялық дәрежесинде қолланылатуғын усыл (методлар)

Бақлаў–ўақыяларды, қубылысларды анық мақсетке қаратылған усыл

Өлшеў– билиў процессинде муғдар, көлемин анықлаў усылы

Шамалаў – қубылысларды шама менен параметрлерин анықлап белгили бир ҳәрекет бағдарын белгилеў усылы

Салыстырыў –изертлеў алып барып атырған объектиң басқа предметке тән болған сәйкеслик ҳәм ажыралып турыўшы тәреплери олар ортасындағы байланыс

Эксперимент – бақлаўдың жоқарғы дәрежеси болып, оның жәрдеминде изертлеўши объектге тәсир көрсетеди.

# Философия ҳәм синергетика

Синергетика түсиниги

Материяның өз-өзинен пайда болыўы ҳаққындағы сәўлелениў оның ҳәрекети ҳәм раўажланыўы ҳаққында көринислер көз алдыға келтириўлер сыпатында үйрениўлер философияның дәстүрли машқаласы. Өз-өзинен басқарыў сызықлы емес қубылысларды үйрениў, өз-өзинен шөлкемлестириў теориясы

Жансыз тәбиятда өз-өзинен пайда болыў қубылыслардың ашылыўы көп ғана процесслерге жаңаша қараўға мүмкиншилик береди, жансыздан жанлыға өтиў, механизм ҳаққында билиўди байытады.

Солай етип грекшеден аўдарғанда «көмек», «бирге ислесиўди билдириўши» “синергетика” сөзи бир тәрептен бул қурамалы қыйын системалы элементлердиң кооператив ҳәрекети. Екинши тәрептен бул түрли тәлим тараўындағы алымлардың бирге ислесиўи.

## Ҳәзирги заман философиялық методлары.

### Түсиниў методы.

Түсиниў методының тийкарын салыўшы немис философы, «Өмир философиясы» ўәкили Дилтей тәрепинен ислеп шығылған. Бул методтың мәниси раўажланыўдың тийкарларын, раўажланыўдың бас механизмлерин билиў инсанды изертлеў интроспексия (өз-өзин бақлаў) мүмкин. Мәниси философ ямаса психолог шахстың ишки дүньясын үйрениў барысында оның ишки сезимлерин анализ кылады жәмийетти билиў ушын массалық сана ушын тән болған эмоционал көрнислерди анализ қылады.

# Ҳәзирги заман философиялық методлары.

## Интутция методы

Философия методологияның иррационалистлик бағдарларынан бири сана, сана бул интуация методы. Бул методға байланыслы билиўге илимий қураллар (гипотеза, тажрийбе, теория ҳәм т.б.) тийкарында емес, бәлким реаллықты ҳақыйқатлықты, «логик емес» аңлаў тийкарында ерисиледи. Бул методтың авторы А. Вергсон еди.

Оның пикиринше билиўдиң интеллектуал (дәстүрли илимий) жолы болмыстың ҳақықый тәбиятын ашып бере алмайды. Себеби ол өз-өзин блокларга ҳәм системаларға салады.

# Ҳәзирги заман философиялық методлары.

## Феноменологик метод

Гиссердиң феноменологик методына байланыслы, билиў обектин сезим жолы менен, Гиссер атамасы менен айтқанда-интенсионаллық жолы менен аңлаў мүмкин.

Гиссердиң пикиринше конкрет пәнлердиң мазмунын айтып оны әпиўайы логика жәрдеминде түсиниў анализ қылыў мүмкин емес. Мине усы жерде интенсия зәрүр. Интенсияны философиялық метод деп билген Гиссер пикиринше, философия сана дәслеп әпиўайы дүньяға көзқарас қурамында тәбийий аңлаў қағыйдалары тийкарында қәлиплескен барлық догматик гәплерден қутылыўы керек.

## Ҳәзирги заман философиялық методлары.

### Прагматик метод.

Бул нәтийжели ҳәрекетти тийкарлап бериўши философиялық анализ дүзип шығыў методы. Булметод XIX әсир ақырында Америка философы Ш. Пирс тәрепинен ислеп шығылған оны У. Джеймс ҳәм Д. Дуни раўажландырды. Бул  методтың тийкарын салыўшылар көзқарасынан қарағанда ҳәрекет инсан турмысының тийкарғы формасыҳәм белгили мақсетти қойыў әелий хызметти режелестириўдиң тийкарғы басланғыш шәрти болып хызмет етеди.

# Диалектикалық ойлаўдың тийкарғы методологиялық принциплери

Обективлик принципи.

Искерлик принципи

Ҳар тәреплилик принципи

Детерминизм принципи

Тарихийлық принципи

Обективлик принципи.

Анализ ҳәм синтез принципи

Системалы принцип

# Философия аксиология сыпатында

- Философия «дүнья-инсан» системасын түсиниўге умтылып, онда пайда болып атырған процесс ҳәм қатнасларды тек гносеологиялық жақтан ҳақыйқат пикир деп қарамайды. Оның ушын бул процесслер ҳәм қарым қатнаслық Ғсадықлық, мехир-мухаббат, жаўызлық, гөззаллық ҳ.т.б.Ғ пикирлер баҳалаў болады. Философия **аксиология** қәдириятлар ҳаққындағы тәлиймат, грекше axios-қәдирли ҳәм logos-тәлиймат сөзлеринен алынған.

# Философия критика сыпатында

Философия дүньяны идеялар көзқарасынан баслап, критика арқалы әмелге асырады. Философия өзиниң биринши қәдемин гүманнан баслаған. Философияға дейин болған дәўирдеги дүньяға көзқарастан (әпсаналы диний) тийкарғы  көринислерден ибарат Мыср, Бобил, Ҳиндистандағы философияға дейинги дәўирдеги шығармаларында диний исенимниң ҳақыйқыйлығына социал турмыс тийкарларының әдалатлығына гүманлылықты ушыратыў мүмкин. Философлардан биринши болып Сократ (э.б. 470-393-ж.) турақлы тәсирлерге: Сократ сораў-жуўап арқалы адамлар менен айтысып гүрриңлесиў жүргизеди. Ол өз пикир алысыўларында жүзегөйликти ашкара етеди. Тек ҳақыйқат ҳәр күнги пикир алысыўлар деп табады.

## Философия алдыннан болжаўшы ҳәм жобаластырыўшы сыпатында

Философия дәўир раўажланыў динамикасын сәўлелендирип ҳәм теориялық ойлаў усылын қоллап, белгили процесслерди сондай дәрежеде сәўлелендиреди: ол келешекти алдыннан болжаўға умтылдырады. Соның менен баҳалаў жобаластырыў ҳәм эвристик ўазыйпаны әмелге асырады.

# Философия идеология сыпатында

Философия болыўы мүмкин болған дүньяларды жаратып, инсан турмысындағы еркинлик жәмийетти демократияластырыў ҳәм толерантлықтың айрықша шәртлеринен есапланған. «**Поливариант»** ойдың раўажланыўына себепши болады. Философия өзиниң дүньяға көзқарас ўазыйпасын орынлай отырып яғный инсанның дүньяға болған қатнасы ҳәм қәдириятлардың белгили системасын қәлиплестирип ҳәм жәмийетшиликке тиккелей байланысы менен идеология сыпатында майданға шығады.

# ПСМУ технологиясы

(П) – пикиринизди баян етын

(С) – пикириниздын баянына кандайда бир себеп корсетин

(М) – корсеткен себебинизден сыпатлап мысал корсетин

(У) – Пикиринизди улыумаластырын

# Беккемлеў ушын сораўлар

1 Философия термини қандай мәнисти аңлатады.
2 Философияның предметлик областы не.
3 Философияның тийкарғы мәселеси дегенимиз не.
4 Дүньяға көз-қарас дегенимиз не.
5 Мифологиялық дүньяға көз-қарас дегенимиз не.
6 Диниий дүньяға көз-қарас дегенимиз не.
7 Философиялық дүньяға көз-қарас дегенимиз не.

# Сабакты бахалан



Жаксы Орта Канатландырардлы

